

Konsèy rapid sou lè siplemantè ak Limit Travay pa Semèn pou Founisè Endividyèl yo

Yon semèn travay se:

- Dimanch nan 12:00 a.m. (minwi) e li fini samdi nan 11:59 p.m.
- Yon semèn travay ka travèse peryòd peman.
- Yon semèn travay ka travèse mwa.

Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday	
15 6	July 16 6	17 6	18 6	19 6	20 5	21 5	40
THIS WEEK CROSSES 2 PAY PERIODS →							
22 5	23 5	24 6	25 6	26 6	27 6	28 6	40
THIS WEEK CROSSES 2 MONTHS AND 2 PAY PERIODS →							
July 29 5	30 5	31 6	Aug 1 6	2 6	3 6	4 6	40

Ou pa pral resevwa aksyon kontra paske ou travay plis pase limit semèn travay ou pou:

- Fòmasyon obligastwa DSHS
- Lè vwayaj Apwouve
- Lè Administrativ
- Tan konje peye (PTO)

Kijan mwen ka evite aksyon kontra?

- Toujou planifye orè travay ou anvan semèn travay la kòmanse epi ekri l.
- Si kliyan an chanje e ou gen pou travay nan yon orè diferan ki afekte WWL ou, kontakte manadjè dosye kliyan an touswit.
- Anrejistre lè travay ou nan fèy prezans ou apre chak jou ou travay, li ka ede pou anrejistre l tou sou yon kalandriye papye. Tcheke souvan pou asire ou rete nan limit WWL ou.
- DSHS gen resous disponib pou ede w e anplwayè/kliyan ou ap aprann plis enfòmasyon sou jere orè w pou rete nan limit WWL ou. Resous sa yo disponib nan www.dshs.wa.gov/altsa/IPOT.

Pandan konbyen tan aksyon kontra ap rete nan dosye kontra m?

- Chak aksyon kontra ap rete ouvè pou 12 mwa apati dat avi aksyon kontra a. Apre 12 mwa, aksyon kontra a ap fèmen.

Mwa yo idantifye nan aksyon kontra oswa lèt nou te resevwa se mwa peman:

- Si lèt la di "pou èdtan ki peye nan mwa Avril," èdtan travay yo ka gen ladan èdtan ou te travay nan mwa anvan (Mas).
- Kontakte Kowòdonatè swen an si ou gen kesyon sou mwa ou te depase.